



Septanm 2019

Chè Paran/Responsab,

Apati 13 jen 2019, lekòl leta, prive ak relijye ak pwogram gadri nan Nouyòk pa ka aksepte ankò demand pou fè eksepsyon nan satisfè obligasyon vaksinasyon pou rezon relijyon. Lwa sa a aplike pou elèv ki nan pre-kindergarten rive klas 12yèm ane ak pou tout lokal gadri. Si w te deja resevwa yon eksepsyon pou pitit ou a pou rezon relijyon, li pa valab ankò. Lekòl ak pwogram gadri ap kontinye aksepte eksepsyon medikal.

Elèv dwe ranpli obligasyon pou vaksen pou yo ka ale lekòl. Timoun ki pa ale lekòl oswa nan gadri pandan ete a ki pa resevwa vaksen obligatwa yo, dwe resevwa premye dòz nan chak seri vaksen disi 19 desanm 2019. Rive 7 oktòb 2019, paran oswa responsab timoun sa yo pral bezwen tou montre yo gen randevou pou tout dòz suivi yo. Yo p ap pèmèt timoun ki pa satisfè obligasyon vaksinasyon rete lekòl.

Gen yon rezime lis nouvo kondisyon vaksen pou lekòl pou ane lekòl 2019-20 an pi ba a

Tout elèv ki nan gadri rive 12yèm ane dwe ranpli kondisyon pou vaksen ki pi ba yo:

- DTaP (difteri, tetanòs, koklich)
- Viris polyo (Poliovirus)
- Saranpyon, malmounton, woujòl (MMR)
- Varisèl (chickenpox)
- Epatit B (Hepatitis B)

Timoun ki poko gen laj 5 lane ki nan gadri ak pre-kindergarten dwe ranpli tou kondisyon pou vaksen sa yo:

- Hib (*Haemophilus influenzae* type b)
- Maladi nemokòk (pneumococcal disease, PCV)
- Influenza (grip): Timoun dwe resevwa vaksen grip 31 desanm 2019 pou pi ta

Timoun ki nan klas 6yèm rive 12yèm ane dwe tou ranpli kondisyon pou vaksen sa yo:

- Dòz rapèl Tdap (tetanòs, difteri ak koklich)
- MenACWY (maladi menengokòk)

Tanpri gade dosye vaksen pitit ou a pran yo avèk pwofesyonèl ki ba l swen sante a. Pwofesyonèl sante pitit ou a ka fè w konnen si li bezwen lòt dòz pou youn oswa plis vaksen pou li ka ale oswa rete nan gadri oswa lekòl. Ale sou schools.nyc.gov epi chèche “vaksen” (immunizations) pou jwenn yon lis konplè tout vaksen ki obligatwa yo.

Si w gen kesyon sou obligasyon sa yo, kontakte sant gadri w la oswa direksyon lekòl ou a.